PLAN FACE 2025/2026

Lekòl: Millennium 6-12 Collegiate Academy
Kontak: Kim Jean (Prezidan SAC)
Telefòn/Imèl: (954) 632-8060

Objektif Angajman: Anviwònman oswa kilti kote pwogram angajman yo fèt dwe pran an konsiderasyon epi planifye pou: fanmi yo santi yo byenveni, apresye ak respekte pa anplwaye pwogram nan; kominikasyon nan toude sans ak devlopman relasyon ak fanmi yo adapte pou satisfè sikonstans fanmi ak kominote ki ap chanje; epi yo bay opòtinite pou sipò ak devlopman fanmi atravè pwosesis patenarya fanmi an ak gwoup paran/fanmi parèy ki planifye nan pwogram nan ak kominote a.

Estrateji (Aksyon espesifik, ki gen ladan koneksyon ak konpetans kiltirèl jan sa apwopriye)	**Aliyman ak Plan Estratejik BCPS 2027**	**Dat pou fini**	**Kisa ki bezwen fèt pou aktivite a?**	**Ki moun ki responsab?**	**Ki objektif la?**	**Kijan n ap mezire pwogrè nou?**	**Idantifye dokiman/prèv pou telechaje.**
Revize atant sèvis kliyan yo avèk anplwaye yo.	Gad pwoteksyon: Ekite	Nan premye 30 jou yo	Revize bouyon sondaj sou estanda sèvis kliyan yo avèk anplwaye yo. Enprime epi ranpli fèy Sèvis Kliyan an pandan reyinyon anplwaye a.	Mesye Frank Pizzo, Asistan Direktè	Bay fanmi yo ak patnè kominotè yo yon sèvis kliyan eksepsyonèl.	Fèy siyati ak fèy aktivite.	Telechaje aktivite Sèvis Kliyan an.
Kowòdone opòtinite pou òganizasyon yo bay fanmi ak kominote yo sipò ki enpòtan, epi/oswa ranpli mank kapasite nan Distri a.	Gad pwoteksyon: Ekite	Telechaje dokiman yo anvan senkyèm semèn chak trimès	Rasanble yon Ekip Resous FACE ki gen yon reprezantan nan administrasyon, ansèyman, parapwofesyonèl, kafeterya, sèvis antretyen, pwogram apre lekòl, travayè sosyal ak konseye lekòl. Reyini yon fwa chak trimès pou idantifye bezwen kominote a; diskite resous ak sèvis lekòl/kominote ki disponib pou fanmi yo epi ki ka diminye baryè tankou manje, lojman, maladi, asistans nan moman difikilte, ajans referans pou travay, elatriye. Mete FACE SPACE ajou ak enfòmasyon ki enpòtan selon bezwen yo idantifye.	Mesye Frank Pizzo, Asistan Direktè	Bay fanmi yo ak kominote a resous ki enpòtan, ajou, sou yon baz kontinyèl.		Foto FACE SPACE ki ajou; telechaje fèy Pwogram ak Sèvis ki ranpli a; telechaje lis manm Ekip Resous FACE la.
Rekonèt karakteristik kiltirèl inik fanmi lekòl/kominote a ap sèvi yo.	Gad pwoteksyon: Ekite	Ant 5yèm ak 6yèm semèn lekòl la	Enprime epi ranpli fèy Konsyantizasyon Kiltirèl la.		Senplifye epi konsantre kominikasyon ak aktivite angajman yo sou sa ki gen sans kiltirèl pou diferan gwoup moun.		Telechaje fèy Konsyantizasyon Kiltirèl ki ranpli a.
Kontinye pwogram “Catch Them Being Great” la pou rekonèt moun k ap soutni yon anviwònman/kilti pozitif nan lekòl la.	Gad pwoteksyon: Ekite	Chak mwa	Pandan yon reyinyon anplwaye, mete aksan sou yon manm fakilte ak/oswa anplwaye ki te “Caught Being Great”. Fè moun nan ranpli fòm nan epi pataje ak kòlèg li etap oswa aksyon espesifik li te pran pou merite rekonesans lan. Egzanp: Mesye Smith vrèman konnen kijan pou fè fanmi yo santi yo byenveni. • Souri cho ak sensè • Salye paran yo pa non • Bay tout atansyon li • Gen yon langaj kò ouvè • Kominike regilyèman sou pwogrè elèv la	Administrasyon / Chèf Depatman ak Lidè Kourikoulòm	Bay ankourajman pou kenbe yon anviwònman lekòl pozitif.		Telechaje fòm Catch Them Being Great ki ranpli a ak lis anplwaye ki te “Caught Being Great”.
Soutni rezilyans nan fanmi yo.	Gad pwoteksyon: Ekite	1ye semès	Pataje resous sou rezilyans avèk fanmi yo.	Jennifer Schorr, Lyezon Ekite Antonio Lee, Kontak LSW	Bay fanmi yo edikasyon ak sipò sou rezilyans.		Telechaje yon kopi fèy siyati yo oswa enfòmasyon sou fason resous rezilyans yo te pataje ak fanmi yo.